



# ACCÈSS

Alliance des Communautés Culturelles pour l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

---

Version en créole du dépliant «**ÊTRE PRÉSENT AU QUÉBEC POUR AVOIR DROIT À L'ASSURANCE MALADIE**»

## **FÒK W'AP VIV NAN PROVENS QUÉBEC**

### **POU W KAPAB GEYEN ASIRANS MALADI**

Nan provens Québec la, kat asirans maladi pemèt you moun jwenn you pakèt sèvis e swen sante san ke li pa peye. Nou konen pou nou konsève kat la nou genyen yon seri de kondisyon pou nou respekte? fòk nou bay kote n'ap viv nan provens Québec, men fòk nou la nan provens la tou. Reji asirans maladi Québec ap chèche verifye tout bagay sa yo tou.

#### **Men sa pou nou konen**

**Nan 12 premye mwa ke asirans la kouvri nou,** fòk nou pa fè plis pase 183 jou sanke nou pa nan provens Québec la fòk nou fè pi piti pase 183 jou.

**Aprè sa,** se ane sivil ke asirans la konsidere. Ane sivil la, se you ane ki komanse 1<sup>er</sup> janvyè li fini 31 desanm. Nou dwe fè pi piti ke 183 jou si nou genyen pou kite provens la pou nou ka toujou genyen asirans la men fòk tan yo fèt ant 1 janvyè a 31 desanm chak ane.

Nan de ka sa yo, si moun sa yo pase 21 jou ke yo sòti nan provens la, sa pa konte nan kalkil la.

## **Men you ekzanp pou nou kontrole jou ke nou absan yo.**

Nou genyen asirans maladi depi 4 lane .Ant 1<sup>er</sup> janvye e 31 desanm nan menm ane a . Nou kite provens Quebec la pandan 3 fwa.

- Nou ale an Espagne 4 mas nou tounen 7 out. Nou fè 155 jou deyò, nou konte 5mas a 6 out la dan l.
- Nou ale Alberta 1<sup>er</sup> septanm nou retounen 4 novanm. Nou fè 63 jou deyò, nou konte 2 septanm a 3 novanm la dan l.
- Nou ale o Mexique 20 desanm nou tounen 27 nan mem mwa desanm la. Nan ka sa nou pa kontrole okenn jou ke nou fè deyò : 21 jou ou byen piti ke 21 jou pa konte.

<b>Tan nou fè kan nou te kite provens Québec la</b>	<b>Tan nou fè ke nou kite provens la konte pou yo verifye si nou toujou genyen asirans.</b>
155 jou an Espagne	155 jou
63 jou Alberta	63 jou
6 jou au Mexique	0 jou
	<b>Total : 224 jou</b>

Ane sa, reji a pral konsidere ke nou fè 224 jou ke nou te kite provens Québec la. Lè sa reji a pral koupe asirans maladi nou a pou tout ane a. Nou pral remèt reji lajan tout sèvis sante ke nou te konn jwenn pandan ane a.

## **Genyen kèk sitiyasyon reji a kapab konsidere**

12 premye mwa asirans la pase, nan tout kondisyon asirans la bay la konn genyen tou you seri de ka ke reji a konsidere. Ezanp, mèm si nou fè plis pase 183 jou ke nou kite provens Québec la, nou kapab toujou genyen asirans la, si nou kite provens la pou nou ale etidye, pou nou ale fè you estaj ou byen nou ale travay. Yon fwa chak 7 an, nou kapab pase plis pase 183 jou nan menm ane a, men fòk se nan menm ane sivil la, n'ap toujou genyen asirans la.

Pou nou kapab genyen plis enfamsyon sou ka yo konsidere yo nou ka toujou rele ou byen nou ale sou sit reji a lè sa n'ap jwenn plis enfòmasyon.

## **NOU OBLIJE**

- rele reji a pou nou avize l lè n'ap kite provens Québec sitou lè n'ap fè plis pase pl 183 jou deyò ( enpòtan se fè nou konen avan lè n'ap kite Québec. Avèk sa n'ap konen si n'ap toujou genyen asirans la.)
- Fè reji a konen si nou chanje adrès , si n'ap kite Québec ou pa.

### **Pou plis enfomasyon**

Nou kapab ale sou sit reji [www.ramq.gouv.qc.ca](http://www.ramq.gouv.qc.ca)

Nou kapab jwenn enfòmasyon si rele tou.

### **À Québec**

**418 646-4636**

### **À Montréal**

**514 864-3411**

### **Ailleurs au Québec**

**1 800 561-9749**

**Par ATS** (appareil de télécommunication pour personnes sourdes)

**418 682-3939** (à Québec)

**1 800 361-3939** (ailleurs au Québec)

### **Pour nous écrire**

Régie de l'assurance maladie du Québec

Case postale 6600

Québec (Québec) G1K 7T3

## **Nos heures d'ouverture**

Lundi, mardi, jeudi et vendredi : **de 8 h 30 à 16 h 30**

Mercredi : **de 10 h à 16 h 30**

En dehors des heures d'ouverture, les numéros de téléphone vous donnent accès à un système automatisé de renseignements.